



## Enfòmasyon Enpòtan ou Dwe Konnen Si w Resevwa yon Sitasyon pou yon Enfraksyon Penal:

N ap fè tout odyans, pwosè, ak lòt odyans OATH nan telefòn, konferans sou videyo, anliy, oswa pa lapòs epi OATH ap kite moun prezante fas-a-fas **SÈLMAN** nan sikonstans ki apwouve davans.

### **POU KA KI GEN KOZE SITASYON OSWA TIKÈ YO:**

#### **Odyans:**

Y ap toujou fè odyans ou an nan dat yo di y ap fè li a, men w dwe kontakte OATH pou w pwograme odyans ou nan telefòn. Pi bon mwayen pou w pwograme odyans ou an nan telefòn se pou w ranpli fòm lan sou [nyc.gov/oathphone](http://nyc.gov/oathphone). Tanpri soumèt demann lan omwen 3 jou avan odyans ou genyen an.

Oswa ou kapab pwograme odyans ou an nan telefòn oswa lè w voye yon imèl kote w gen odyans lan. Ou dwe voye imèl bay OATH avan dat odyans ou genyen an.

Bronx: [RemoteBronx@oath.nyc.gov](mailto:RemoteBronx@oath.nyc.gov)

[RemoteBKLYN@oath.nyc.gov](mailto:RemoteBKLYN@oath.nyc.gov)

Queens: [RemoteLIC@oath.nyc.gov](mailto:RemoteLIC@oath.nyc.gov)

Staten Island: [RemoteSI@oath.nyc.gov](mailto:RemoteSI@oath.nyc.gov) Brooklyn:

Manhattan: [RemoteManhattan@oath.nyc.gov](mailto:RemoteManhattan@oath.nyc.gov)

Pou tout demann pou odyans fas-a-fas, ou dwe voye yon imèl bay [livehearings@oath.nyc.gov](mailto:livehearings@oath.nyc.gov) nan omwen senk (5) jou ouvrab anvan dat odyans la pwograme a.

Ou kapab reponn tou lè w soumèt pledwaye ou an anliy oswa pa kourye lapòs si w yo aksepte konvokasyon ou an. Ale sou [nyc.gov/oath](http://nyc.gov/oath) pou jwenn plis detay.

#### **Repwograme ka pa ou an:**

Ou kapab repwograme chak konvokasyon yon sèl fwa. Pou mande pou yo repwograme odyans ou an ou dwe soumèt fòm ki anliy lan ou jwenn sou [nyc.gov/oath/reschedule](http://nyc.gov/oath/reschedule) avan dat odyans ou genyen an.

Voye mesaj tèks *OATHreminder* nan (917) 451-8829 pou resevwa mesaj rapèl konsènan ka pa w lan.

#### **Pou peman ak lòt pwoblèm:**

Ou kapab peye sou sitwèb OATH an sou [nyc.gov/oath](http://nyc.gov/oath), oswa an pèsòn nan biwo OATH yo nan 66 John St., 10<sup>th</sup> Floor, Manhattan, oswa 31-00 47<sup>th</sup> Ave., 3<sup>yèm</sup> Etaj, Vil Long Island. Pou jwenn plis enfòmasyon sou peman yo oswa gen pwoblèm pou repwograme voye yon imèl nan [clerksoffice@oath.nyc.gov](mailto:clerksoffice@oath.nyc.gov) oswa rele nan 1-844-OATH-NYC (1-844-628-4692).

#### **Sèvis Èd OATH:**

Si se ou menm sèlman k ap parèt epi w ta renmen gen yon konsiltasyon sou dwa ou yo ak pwosedi odyans yo, rele Sèvis Èd OATH lan nan (212) 436-0845 oswa voye yon imèl nan [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov).

- Pou asistans espesyal ki gen rapò ak ti konpayi yo: voye imèl nan [Smallbizhelp@oath.nyc.gov](mailto:Smallbizhelp@oath.nyc.gov)
- Pou asistans espesyal ki gen rapò ak veteran yo: voye imèl nan [veteranshelp@oath.nyc.gov](mailto:veteranshelp@oath.nyc.gov)
- Pou asistans espesyal pou sitwayen ki se granmoun aje yo: voye imèl nan [seniorshelp@oath.nyc.gov](mailto:seniorshelp@oath.nyc.gov)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Jesyon Konfli ant Etablisman ak Katye yo (Mediating Establishment and Neighborhood Disputes, MEND NYC) konsilte [nyc.gov/mendnyc](http://nyc.gov/mendnyc)